



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE DEMAND POU PWOPOZISYON KI TOTALIZE JISKA 950 MILYON DOLA KIN DISPONIB POU RANFÒSE AKSÈ AK SWEN SANTE KI GEN KALITE SIPERYÈ NAN ETA NEW YORK

Ouvè demann pou pwopozisyon Pwogram Transfòmasyon Etablisman Swen Sante nan Faz IV ak V Nan Tout Eta a pou bay finansman pou pwojè ak inisyativ livrezon swen sante enpòtan yo

Sibvansyon yo pral sipòte sèvis swen sante esansyèl atravè Eta New York

Gouvènè Kathy Hochul te lanse jodi a yon demann pou pwopozisyon ki totalize 950 milyon dola nan finansman eta adisyonèl disponib pou sipòte pwojè ki pral transfòme ak sekirize sistèm livrezon swen sante Eta New York la. Administratè pa Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a ak Otorite Dòtwa Eta New York (Dormitory Authority of the State of New York), Pwogram Transfòmasyon Etablisman Swen Sante yo (Health Care Facility Transformation Program) nan tout Eta a pral ede amelyore swen pasyan yo lè li sipòte etablisman ki gen kalite siperyè k ap sèvi pasyan ki entènè, swen medikal, swen sante mantal, swen pou abi dwòg ak alkòl ak swen alontèm kominote toupatou atravè Eta New York la yo bezwen yo.

"Nouyòkè yo merite aksè a bon jan kalite swen sante ak yon sistèm swen sante ki solid, ki estab ak ekita", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sibvansyon sa yo pral bay finansman enpòtan pou amelyorasyon nan lopital ak lòt etablisman yo atravè eta nou an pou asire yo bay pi gwo swen Nouyòkè yo merite."

Finansman an pral rekonpanse pwojè nan tout eta a. Òganizasyon ki enterese yo ka jwenn enfòmasyon sou elijibilite swa atravè Repòtè Kontraktyèl Eta New York, oswa nan Pòtay Sibvansyon (Grants Gateway) an.

Komisè Sante Eta a, James McDonald, te deklare, "Lajan sa yo pral pèmèt founisè swen sante nou yo ak etablisman yo modènize, entegre ak pwoteje sèvis swen sante yo pou asire Nouyòkè yo resevwa aksè ak swen medikal yo bezwen kounye a ak pou jenerasyon k ap vini yo. New York se yon lidè nasyonal nan bay swen sante gras ak devouman Gouvènè Hochul pou asire ke sistèm swen sante nou yo gen resous ki nesèsè pou bay pi bon swen posib pou tout Nouyòkè yo."

Yo te pibliye twa demann pou pwopozisyon (requests for proposals, RFP) , ki gen ladan:

- Jiska 250 milyon dola ki soti nan Statewide IV pou mennen envèstisman ki pote transfòmasyon nan swen sante
- Jiska 650 milyon dola pou sipòte envestisman nan teknoloji ak sibèsekirite nan etablisman swen sante yo
- Jiska 50 milyon dola pou pwojè inovasyon mezon retrèt yo

Objektif Pwogram Transfòmasyon Etablisman Swen Sante a se pou yo sipòte efò Nan tout Eta a pou redwi depans swen sante epi amelyore rezilta swen sante Nouyòkè yo gras a elajisman aksè a sèvis swen pou pasyan ki entène yo, swen primè, swen prevansyon ak lòt swen pou pasyan ekstèn yo nan kad sistèm swen sante entegre onivo rejyonal yo. Fon sa yo konsantre tou sou pwojè ki pral ede asire dirabilite finansyè founisè swen sante ki sèvi kòm filè sekirite yo, ak prezèvasyon oswa agrandisman sèvis swen sante esansyèl yo.

RFPs ki anonse jodi a gen ladann finansman nan kad Pwogram Transfòmasyon Etablisman Swen Sante nan faz IV nan Tout Eta ak premye faz nan Pwogram Transfòmasyon Etablisman Swen Sante nan faz V nan Tout Eta a. An total, Eta New York te bay prèske 4 milya dola nan finansman total atravè pwogram kapital yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418